



Pou Piblikasyon Imedya: 02/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE LOTRI 'SKI FOR FREE' AN POU REKONPANSE  
MOUN KI PRAN RAPÈL KONT COVID-19 AK TIMOUN KI GEN LAJ 5-11 AN KI  
PRAN VAKSEN AN**

*Ap gen tiraj owaza pou tikè remonte mekanik nan mòn eski New York k ap patisipe yo*

*Timoun laj 5-11 an ki pran premye dòz vaksen yo a oswa nenpòt ki moun ki pran rapèl kont COVID-19 kalifye*

*Ou gen chwa fè eski nan pati lès oswa lwès eta a*

Jodia a Gouvènè Kathy Hochul te anonse nouvo lotri rekonpans 'Ski for Free' (Fè Eski Gratis) pou vaksen kont Covid-19 yo pou timoun ki gen laj depi senk rive 11 an ak pou moun ki pran piki rapèl yo. Sis semèn lotri yo - y ap anonse kòmansman an nan jou k ap vini yo - fèt pou ankouraje vaksinasyon pami timoun ki gen laj 5-11 an epitou pami moun ki kalifye pou resevwa yon dòz rapèl kont COVID-19. Moun New York ki kalifye yo ap kapab antre nan yon tiraj owaza pou tikè remonte mekanik gratis nan mòn k ap patisipe yo, gras a Ski Areas of New York ak Otorite Rejyonal Devlopman Olenpik la (Olympic Regional Development Authority).

"Nouvo rekonpans 'Ski for Free' nou an pou timoun yo ak moun ki pran rapèl yo ap pèmèt moun New York yo pwofite nèt de mòn enkwayab eta nou an epi an menm tan pwoteje tèt yo ak pwòch yo kont pandemi sa a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Vaksen an se pi bon zam nou nan lit kont COVID-19 la e nou dwe ankouraje tout moun New York ki kalifye yo pou yo pran piki yo an, keseswa premye dòz, dezyèm dòz, oswa rapèl."

Tikè yo bay nan kad Lotri 'Ski for Free' yo kapab sèvi nenpòt ki lè pandan sezon Ivè 2021-2022 a e y ap gen enfòmasyon sou tout dat fèt ki gen entèdiksyon yo. Konkiran yo ap kapab chwazi rejyon yo pi pito a, oswa nan lès oswa nan lwès eta a. Men mòn k ap patisipe yo nan chak rejyon:

**Lwès**

- Holiday Valley
- Bristol
- Woods Valley

- Greek Peak

### **Lès**

- Whiteface
- Gore
- Belleayre
- Windham
- Lwès

Men pri ki genyen nan lotri 'Ski for Free' yo:

- Timoun laj 5-11 an: Y ap chwazi gayan yo pou yon total 240 pake de (2) tikè (yon pas pou granmoun ak yon pas pou timoun) sou peryòd lotri sis semèn nan. Y ap bay 40 pake de (2) tikè pa semèn, divize egal ego ant de (2) rejyon yo. Timoun ki gen laj depi senk rive 11 an yo ki te pran premye dòz vaksen yo an apre 3 nov. kalifye pou antre nan lotri yo. Se yon paran oswa responsab legal ki dwe ranpli enskripsyon yo, e gayan yo ap resevwa yon pè tikè pou eski granmoun/timoun.
- Moun ki pran rapèl yo: Y ap chwazi gayan yo pou yon total 120 pake grenn tikè (yon pas pou granmoun) sou peryòd lotri sis semèn nan. Y ap bay 20 pake grenn tikè pa semèn, divize egal ego ant de (2) rejyon yo. Moun ki gen laj omwen 18 an ki te pran dòz rapèl yo an apre 3 nov. kalifye pou antre nan lotri yo. Se moun ki te pran dòz rapèl la ki dwe ranpli enskripsyon yo, e gayan an ap resevwa yon tikè eski pou granmoun.

**Prezidan-Direktè Jeneral Otorite Rejyonal Devlopman Olenpik la Mike Pratt te deklare**, "Estasyon eski yo nan Eta New York ouvè e nou kontan anpil akeyi kliyan yo pou aktivite rekreyatif ak avanti deyò nan mòn nou yo ivè sa a. Nou gen chans gen anpil opòtinite rekreyatif deyò nan Eta New York e estasyon eski yo apresye travay ansanm ak Reprezantan Lasante yo nan Eta a pou ankouraje mòd vi ki bon pou lasante."

**Prezidan SKI NY la Scott Brandi te deklare**, "Nou fyè mete tèt ansanm ak administrasyon Gouvènè Hochul la pou Lotri 'Ski for Free' pou Vaksen kont Covid yo. Gen anpil nan estasyon eski nou yo ki ouvè, gen lòt k ap pare, e yo tout ap fè nèt tanperati an bese! N ankouraje ou pou w pran vaksen w lan, antre nan lotri an, epi vin jwenn nou nan youn nan estasyon eski nou yo!"

disponib isit la. Lè yo anonse yo, enstriksyon sou kijan [isit la](#). Lè yo anonse yo, enstriksyon sou kijan pou antre nan lotri yo ap afiche sou sit entènèt la.

Timoun ki kalifye yo ki gen laj senk a 11 an dwe rezidan Eta New York (menm si yo pa bezwen sitwayen ameriken), yo dwe gen ant laj senk ak 11 an nan dat premye vaksinasyon yo an, e yo dwe resevwa omwen premye dòz vaksinasyon yo an kont viris ki bay COVID-19 la ki gen otorizasyon pou itilizasyon dijans pou gwoup laj yo a nan men Administrasyon Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) Etazini an, nan dat enskripsyon an. Moun kalifye ki pran rapèl yo dwe rezidan Eta New York (yo pa bezwen sitwayen ameriken).

Ni moun ki resevwa piki rapèl yo ni paran yo, ni bo-paran yo ni responsab legal yo, ni mari/madanm yo, ni frè/sè yo, ni granparan yo ni moun ki rete nan menm kay ak konkiran senk a 11 ane a pa ka anplwaye Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health, NYSDOH), Otorite Rejyonal Delòpman Olenpik (Olympic Regional Development Authority, ORDA), Biwo Sèvis Teknoloji Enfòmasyon (Information Technology Services, ITS), oswa Chanm Egzekitif Eta New York.

Etabli an 1982, Eta New York la te kreye Otorite Devlopman Rejyonal Olenpik Eta New York la (Olympic Regional Development Authority, ORDA) pou jere etablisman yo te itilize pandan Olenpik Sezon ivè ki te fèt nan Lake Placid an 1980 an. ORDA ap jere estasyon eski Whiteface, Belleayre ak Gore Mountain yo; Konplèks Espò Olenpik la (Olympic Sports Complex) nan Mt. Van Hoevenberg; oval patinaj vitès olenpik la, konplèks so olenpik la ak estad olenpik la. Kòm òganizatè chanpyona entènasyonal ak nasyonal, Otorite a mennen plizyè milyon atlèt, espektatè ak patisipan nan rejyon an, sa ki pote gwo devlopman ekonomik.

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418